



www.FloridaHealth.gov

Coronavirus(COVID-19)

PREVANSYON JENERAL

Si ou gen enkyetid ke ou te ekspoze a COVID-19, tanpri rele founisè swen sante ou ak Depatman Sante Florid la nan Broward nan telefòn 954-412-7300 anvan ou vizite nenpòt etablisman swen sante.

Pou pwoteje tèt ou kont tout maladi atrapan, itilize prekosyon sa yo.



Rete lakay ou lè ou malad



Evite pran kontak avèk moun ki malad



Dòmi sifizaman epi manje repa ki byen balanse



Lave men ou souvan avèk savon ak dlo – pandan 20 segonn oswa pi lontan



Seche men ou avèk yon sèvyèt pwòp oswa kite men ou seche nan lè



Evite manyen zye ou, nen, oswa bouch ou avèk men ki pa lave oswa apre ou fin touche sifas



Kouvri bouch ou avèk yon klinèks oubyen manch rad ou lè ou ap touse oswa etènye



Netwaye ak dezenfekte sifas “anpil moun manyen” souvan yo



Rele anvan ou ale kay doktè ou

Netwaye tout sifas “anpil moun manyen” yo chak jou.

Sifas anpil moun manyen souvan yo gen ladan kontwa, anlè tab, manch pòt, akseswa nan twalèt yo, twalèt, telefòn, klavye, tab yo ak tab bò kabann yo. Epitou, netwaye tout sifas ki ka gen sou yo san, pou pou oswa likid kò. Sèvi ak yon spre oswa ti sèvyèt netwayaj pou kay dapre machaswiv ki sou etikèt la. Etikèt yo gen machaswiv sou yo pou itilize pwodui netwayaj la yon fason efikas ak san danje, ansanm ak prekosyon ou dwe pran lè ou ap mete pwodui a, tankou mete gan epi asire ou gen bon sikilasyon lè pandan itilizasyon pwodui a.



www.FloridaHealth.gov

Distansyasyon Sosyal pou Maladi Atrapan

Depatman Sante Florid • FloridaHealth.gov

Yo pran mezi distansyasyon sosyal yo pou mete limit konsènan kilè ak kikote moun kapab rasanble dekwa pou sispann oswa pou ralanti pwopagasyon maladi atrapan. Mezi distansyasyon sosyal yo gen ladan limite gwo gwoup moun ki reyini, fèmti bilding ak anile evènman.

Pwoteje tèt ou ak kominote ou.

Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn, espesyalman apre ou sot nan twalèt, anvan ou manje, epi apre ou fin mouche nen ou, touse oswa etènye.

Si ou pa gen savon ak dlo, sèvi ak yon dezenfektan pou men abaz alkòl ki gen omwen 60% alkòl. Evite kontak pwòch avèk moun ki malad, epi rete lakay ou lè ou malad.



Chanje abitud toulejou ou.

Evite fè makèt nan èdtan ankonbreman yo epi pwofite de sèvis detayan yo pou livrezon oswa vin chèche.



Kolabore avèk travay ou.

Kolabore avèk direksyon an pou chanje pratik konpayi an, mete anplas plan chanjman ki fleksib, fè anlwaye yo travay adistans anliy, epi anile nenpòt gwo reyinyon oswa konferans.



Chèche kominikasyon nan inivèsite ak kolèj yo:

Konsènan sispansyon klas yo, fè fòmasyon ki baze entènèt epi anile tout gwo reyinyon ak rasanbleman nan kanpis yo.



Kenbe omwen sis pye distans ant oumenm ak lòt moun.

Evite bay lanmen kòm salitasyon sosyal.



6 pye



Evite transpò piblik si sa posib.

Pa vwayaje nan zòn ki gen epidemi aktif.



Evite kote ki chaje ak moun.

Evènman espòtif, festival kominotè, ak konsè.



Jwenn plis enfòmasyon:

tinyurl.com/CDCgatherings

tinyurl.com/FLcdcprevention